ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ХЕКIЫП

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№56 (21.464) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Бечелов И. Б. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Законностыр гъэбыдэныжмкI бгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ икIи законхэр гъэхьэзырыныжмкI лъэжьыгъэм жыдэжру зэрыхэтыж кьыхэжIыну «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщыш **Бечелов Ильяс Борис и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 17-м*
*№34-УП*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэ лъапIэхэр зыхуэфащэхэм яфIэщыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я IэнатIэм фIыщIэ ин зэрыщаIэм папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэр***

**Битуев Аслъэн Жунус и къуэм** - «Балкария» Къэбэрдей-Балъкъэр фольклор-этнографие ансамбль» щэнхабзэмкI къэрал Iуэхущ1апIэм и балетым и артистым

**Зэшэкlуу ТIэхир Шыр и къуэм**- «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» щэнхабзэмкI къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщIым

**Кулахметовэ Рушание Абдряшит и пхъум** - «Горький М. и цIэр зезыхьэ урыс драмэ театр» щэнхабзэмкI къэрал Iуэхущ1апIэм и артистKэ

**ТхьэгъэлIадж Светланэ Залымхан и пхъум** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щIэныгъэ-къэрал политикэмкI и отделэ» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и уэрэджыIакIуэм, цIыхубэ творчествэмкI методистым

**Тхьэщыгъуэй Жанн Назир и пхъум** - «Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхь Адыгэ къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкI къэрал Iуэхущ1апIэм и артистKэ

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкI щIыхь зиIэ и лэжьакlуэ» иIэр***

**Долэт Заудин Хьэмзэт и къуэм** - «Щэджэм къалэм щэнхабзэмкI и унэ» щэнхабзэмкI муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 24-м*
*№40-УП*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм яхуэгъэзауэ

**Ныбжьыгъуэ лъапIэхэ!**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыбгъэдэкIыуи си щхьэкIи сынывохьэхьу фи Iэщ1агъэм епха махуэшхэмкI - Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэмкIэ.

Ар ди махуэгъэпсым щIэуэ кьыхыхьа махуэ лъапIэхэм ящыщщ икIи и щIыхьэщ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм къэралым пщIэшхуэ зэрахущIым. Фи щIэныгъэр, зэфIэкIыр, зэчийр фэ хуворъэладжь ди республикэм и псэкупсэ беягъэкIуэм ящыщ гъэбэгъэнывэрэ пыщIа Iуэху щхьэпэхэр зэфIэхыным. Фи гуащIэдэкIым и фIыщIэкIэ ди деж кьыщыхэтенащ блэкIамрэ къэкIуэнымрэ яку дэлъ тхыдэ-щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр, кьыхэрымыкIуэ щэнхабзэр гъэуэджэрэ зиIэ ди лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэмрэ зэныбжьхъугъэгъэмрэ апхуэдэ щIыкIэкIэ нэхъ быдэ икIи лъэщ фощI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалъэм лъэхъэнэхэр кьыщыгъэлъэгъащ тхыдэ фэепIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, цIыхубэм ихьма хабзэхэмкIэ. Илъэсищ1э бжыгъэжэм япсыхьа хабзэ гъуэзэджэхэр лъабжьэ хуэхъащ1ащ1эпкъ щэнхабзэ бей ди деж кьыщыныэнымк. Ди республикэм и щIыхьыр яIэт ди уэрэджыIакIуэ, музыкант, сурэтыщI, тхакIуэ, усакIуэ зэчийфIэхэм. Дуней псом щыщIэрыIуэ ди къэракIуэ гупхэм лъхьэнэкIэ зэIэпах къэфкIэ Iэзагъым и щэхуэр ягъэпсащ.

ЦIыхугъэ инымрэ фIэщхъуныгъэмрэ, фIымрэ захуагъэмрэ тещIыхьауэ зэхэзыбгъэ дэтхэнэ Iуэхуэри кьыхэзыгъэхуэ, апхуэдэ щIыкIэкIи ди республикэм и щэнхабзэ гъащIэр зэревгъэфIэкIуэнур си фIэщ мэхъу.

Фи Iэнатl эм псэ хьэлэлу фызэрыбгъэдэтымкI фIыщIэ ин зэрыфхуэсщIыр кьыхэзгъэщу, сынывэхъуэхуну сыхуейщ узынщагъэ, насыпI, гукъыдэж фыщымыщIэу фыпсэуну.

**КЪБР-м и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.**

## КъБР-м и Льэпкъ банк советым и зэIущIэ

**Зэрыщыту къадщтэмэ, КъБР-м и банкхэр нобэм кьэс зэпIэзэрыту мэлажьэ. Республикэм и Льэпкъ банк советым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэ зэIущIэм апхуэдэу щыжиIащ КъБР-м и Льэпкъ банкым и тхьэмадэ Тхьэмокьуэ Анатолий.**

ЗэIущIэм хэтаxэр абы щыгъуазэ ищIащ республикэм и кредит Iуэхущ1апIэхэм 2008 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм ящыщIыкIыжахэм. Тхьэмокьуэ Анатолий зэрыжиIамкIэ, иужьрей илъэсхэм КъБР-м и банк Iэнатl эм зиужь эзэпыту йокIыжкI. Нэгъабэ и закъуэ банкхэм зэблагъэкI ахъшэр процент 23,6-кIэ нэхъыбэ хуащ икIи сом мелард 21,1-м нэсащ. Апхуэдэ лэжьыгъэфIыр нэхъыбэу кьыпэкIуащ экономикэм и Iэнатl эу финансхэр зегъэкIуэным пымыщIащхэм я предприятэхэм ират кредитхэм зэрыхагъэхъуам. Банкхэм езыхэм я мыльку-ящ процент 32-кIэ нэхъыбэ ящIащ.

2008 гъэм банкхэм я кредиту щIэхъэхуэхэм куэд зэрыратам и фIыщIэкIэ республикэм IуэхутхьабзэхэмкIэ и рынокым нэрылъагъуу зиужьащ, абы Iуэхукlэ щIэзэпIуэхэм я бжыгъэм хэхъащ. Апхуэдэ кредит лIэужьыгъуэр зратхэм я бжыгъэр нэгъабэ и закъуэ процент 34,9-кIэ нэхъыбэ хьащ, абыхэм ирата щIыхьэр псори зэхэту республикэм щата кредитхэм я процент 31,7-р мэхъу.

Дунейпсо кризисым и зэранкIэ гъэ кIуам и етIуанэ ныкъым банкхэм щIыхь тыныр къатехьэлъэу хуежьащ икIи кредитхэр кьеIэзыххэм абыхэм щхьэщаткI ахъшэр проценти 10 - 11-м и пIэкIэ процент 13 - 14-м нэсу кьамыIэту хьакъым. Абы кьыдэкIуэу кредит тыным мардэ пыухьакIэхэр хуагъэуващ, ахэр зэрат щыкIэрэ ягъэткIиящ.

Экономикэм мылъку къэзылэжьи Iэнатl эм кредитхэр зэрырат щыкIэм и гугъу щIащым, Тхьэмокьуэ Анатолий кьихуагъэщхьэхуакIащ кризисым и зэран а Iуэхум екIуэу гу зэрыльымытэр.

Гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщу докладыр зыщIам кьихгъэщащ кредитхэр пщынысынымкIэ зи пIалъэр икIа щIыхуэхэр нэхъыбэ зэрыхьхьур, псори зэхэту нобэм ирихьэлIэу Урысейм и Банкым кредитхэр кьыIахьну зэгурыIуэныгъэ иращIылIащ. НэгъуэщI зы банкми хуитныныгъэ кратащ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ игъэхьэзырыну. ЗэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэу зэрыщIадэзэрэ Урысейм и Банкым и цIэкIэ КъБР-м и Льэпкъ банкым кредиту итар сом мелуан 20-м нэблэгащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщыгъэльащ УФ-м и Пенсэ фондым и Iуэтаджэ Щауэжь Хьэсэнбий.

**ХьэПэ Мариэ,**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.*

## Дахагъэкlэ дэхьэхыгъуафIэхэр

УФ-м и Президентым 2007 гъэ щыщхьэIум и 28-м Iэ зытридзэ Унафэм ипкъ иткIэ, гъатхэпэм и 25-м ди къэралым щагъэльапIэ Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэр. Апхуэдэ жэрдэм кьыхилъхьат абы щыгъуэ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Соколов Александр, икIи кьыхихигъэщат щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэ хэха дIIэн эзэрыхуейрэ куэд зэрыщIар. Кьапщтэмэ, ди къэралым илъэс куэд хьуауэ щагъэльапIэ Фэеплъэр хьумэным, Музейхэм, Театрым, Печатым, Киноим, Библиотекэхэм я махуэхэр. Уегупсысмэ, ахэр псори щэнхабзэм пыща Iэнатl эщ, ауэ щэнхабзэм и махуэ хэха иджыри къэс зэрыщымыIар ахьарэзынэу ягъэзэкIуэжащ, ар зыхуагъэльапIэхэм я зыгъэпсэхугъэу махуэу щымыт пэтми.

Щэнхабзэ Iэщ1агъэм ирилажьэ щIыхуэр гупщIанэщ, дахагъэкIэ дэхьэхыгъуафIэщ, жыджэрщ икIи жэрдэмщIакIуэщ, зыIыгъыкIэкIи, псэльэкIэкI, Iуэхущ1афэкIи нэгъуэщIхэм кьахощ. Абыхэм яхэткъым щэнхабзэм пыща лъжьыгъэ зэрымыщIэкIэ Iэщ1агъэ зыхуэхьуа, нэуфIащIыхьэрыуэу, кьахьэрэ зэрыхьэр, зыпэрыт Iуэхум гудзакъэ хуэнмыIэхэр. Щэнхабзэр Iэщ1агъэ зыхуэхьур эзчий зыбгъэдэль, а Iуэхум кьыхуигъэщIа цIыху кьыIэрымыкIуэхэр, хьэл-щэн псыхьарэ псэкупсэ куурэ зиIэхэрэр.

Адыгэхэр ящыщщ пасэрей щэнхабзэ, цIыху зэхэтыкIэ лъагэкIэ цIэрыIуэ хьуа лъэпкъхэм. Я щхьэхуитныгъэр яхьумэну фIэкIа зыми Iэщэ кьыхурахакъым дяпэ итахэм, дуней псом кьыщащIыхуари хабзэ дахэщ, теплъэ эзкIужщ. Адыгэ хабзэм, адыгэлIым и хьэщэным, цIыхугъэм, хахуагъэм, ди бзыльхугъэхэм я дахагъэмрэ щэныфIагъэмрэ, ди лъэпкъ фащэм, цIыхубэ Iэпщ1эльапщIагъэм, нэгъуэщI хьугъуэфIыгъуэхэм хамэ кьэралхэм щыщ щIэныгъэлI, зыплъыхьакIуэ, сатущ, дипломат куэд тегъэхьыхащ, тепсэлъыхьащ. Тхьдэми, художественнэ литературэми, сурэтыщI гъуэзджэми яхьумащ пасэрей адыгэхэм я теплъэр, щэнхабзэр, хьэл-щэныр зыхуэдэр.

Апхуэдэ щэнхабзэ щIэиныр кьэкIуэнум хуэзэныжмэ, зыгъэльапIэ, нэхъыфIыжкIэ зыгъэбагъуэ щIэблэкIэ Тхьэр кьытхуэупсат адыгэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым кьырагъэIэтащ, ар зыхуагъэльапIэхэм я зыгъэпсэхугъэу махуэу щымыт пэтми.

Щэнхабзэ Iэщ1агъэм ирилажьэ щIыхуэр гупщIанэщ, дахагъэкIэ дэхьэхыгъуафIэщ, жыджэрщ икIи жэрдэмщIакIуэщ, зыIыгъыкIэкIи, псэльэкIэкI, Iуэхущ1афэкIи нэгъуэщIхэм кьахощ. Абыхэм яхэткъым щэнхабзэм пыща Iэнатl эщ, ауэ щэнхабзэм и махуэ хэха иджыри къэс зэрыщымыIар ягъэзэкIуэжащ, ар зыхуагъэльапIэхэм я зыгъэпсэхугъэу махуэу щымыт пэтми.

Щэнхабзэ Iэщ1агъэм ирилажьэ щIыхуэр гупщIанэщ, дахагъэкIэ дэхьэхыгъуафIэщ, жыджэрщ икIи жэрдэмщIакIуэщ, зыIыгъыкIэкIи, псэльэкIэкI, Iуэхущ1афэкIи нэгъуэщIхэм кьахощ. Абыхэм яхэткъым щэнхабзэм пыща лъжьыгъэ зэрымыщIэкIэ Iэщ1агъэ зыхуэхьуа, теплъэ эзкIужщ. Адыгэхэр ящыщщ пасэрей щэнхабзэ, цIыху зэхэтыкIэ лъагэкIэ цIэрыIуэ хьуа лъэпкъхэм. Я щхьэхуитныгъэр яхьумэну фIэкIа зыми Iэщэ кьыхурахакъым дяпэ итахэм, дуней псом кьыщащIыхуари хабзэ дахэщ, теплъэ эзкIужщ. Адыгэхэр ящыщщ пасэрей щэнхабзэ, цIыху зэхэтыкIэ лъагэкIэ цIэрыIуэ хьуа лъэпкъхэм. Я щхьэхуитныгъэр яхьумэну фIэкIа зыми Iэщэ кьыхурахакъым дяпэ итахэм, дуней псом кьыщащIыхуари хабзэ дахэщ, теплъэ эзкIужщ. Щэнхабзэр Iэщ1агъэ зыхуэхьур эзчий зыбгъэдэль, а Iуэхум кьыхуигъэщIа цIыху кьыIэрымыкIуэхэр, хьэл-щэн псыхьарэ псэкупсэ куурэ зиIэхэрэр.

Адыгэхэр ящыщщ пасэрей щэнхабзэ, цIыху зэхэтыкIэ лъагэкIэ цIэрыIуэ хьуа лъэпкъхэм. Я щхьэхуитныгъэр яхьумэну фIэкIа зыми Iэщэ кьыхурахакъым дяпэ итахэм, дуней псом кьыщащIыхуари хабзэ дахэщ, теплъэ эзкIужщ. Щэнхабзэр Iэщ1агъэ зыхуэхьур эзчий зыбгъэдэль, а Iуэхум кьыхуигъэщIа цIыху кьыIэрымыкIуэхэр, хьэл-щэн псыхьарэ псэкупсэ куурэ зиIэхэрэр.

Щэнхабзэр Iэщ1агъэм ирилажьэ щIыхуэр гупщIанэщ, дахагъэкIэ дэхьэхыгъуафIэщ, жыджэрщ икIи жэрдэмщIакIуэщ, зыIыгъыкIэкIи, псэльэкIэкI, Iуэхущ1афэкIи нэгъуэщIхэм кьахощ. Абыхэм яхэткъым щэнхабзэм пыща лъжьыгъэ зэрымыщIэкIэ Iэщ1агъэ зыхуэхьуа, теплъэ эзкIужщ. Адыгэхэр ящыщщ пасэрей щэнхабзэ, цIыху зэхэтыкIэ лъагэкIэ цIэрыIуэ хьуа лъэпкъхэм. Я щхьэхуитныгъэр яхьумэну фIэкIа зыми Iэщэ кьыхурахакъым дяпэ итахэм, дуней псом кьыщащIыхуари хабзэ дахэщ, теплъэ эзкIужщ. Щэнхабзэр Iэщ1агъэ зыхуэхьур эзчий зыбгъэдэль, а Iуэхум кьыхуигъэщIа цIыху кьыIэрымыкIуэхэр, хьэл-щэн псыхьарэ псэкупсэ куурэ зиIэхэрэр.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# Анэр зыгъэгуфIэр бынщи, быныр зыгъэгушхуэр адэрщ

● Унагъуэ насып

Мыхэ Хьэбалэрэ Лиуэзаре я бынхэм яхэсу.

**Псыгуэнсу щыщ зэщхьэгъуэз хэу Мыхэ Хьэбалэрэ Лиуэзарэ зым Iэпыхуэр адрейм кьыштэжу. гуапагъэмрэ щыхугъэмрэ я гъуазэу ильэс 55-рэ хъуауэ кьыхэдогъуэгурыкIуэ. БыныфIэхэщи. Тхьэр фIыгъэкIэ яхуэпсаш, жьхуаIэхэм ящыщи.**

ПСЫГУЭНСУ щалъхуа Мыз Къуэшы и къуэ Хьэбалэрэ Гуэбэшы Хьэмышыкъэ ипхъу Лиуэзарэ ящыщи зи сабиигъуэр Хэку зауэщхуэм и лъэхъэнэм, щыгъэгъуэр зауэ нэужь зэман хьэпъэм хиубыдахэм. Абыхэм ягъэващ езыхэм я ныжьыкIи итхэм къатещIа гугъуехьхэр, арщхьэкIэ а гъэунэхуныгъэ хьэлъэ хэм ахэр кьыхэфIагъэщIакъым. Нэгъабэ дыгъэгъазэ ар хуэзышар гугъуехьым имыгъэдахуэу и мурадым ерыщу зэрыхуэхкIуарц.

Мыз Хьэбалэ и лэжьыгъэфIым папщIэ хэрата дамыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ и мащIэкъым. Абыхэм яхэпльыгъэ 50, 60 зэрырикъуэ и хэмкIэ и министерствэм кьыхэугьэфщэа «Зохьэзэхуэм и отличник» дамыгъэр, Щыхь тхьилъыр, ТекIуэныгъэр илъэс 50, 60 зэрырикъуэ и щIыхькIэ кьыхуагъэфщащ. «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

Сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн кьыхуэхъуэ. Хьэбалэ кьыхэдгъэуэгурыкIуэ и щхьэгъусэ Лиуэзаи, зэрыжьитIащи, кьыщалъхуар Псыгуэнсу кьуажэрщ. Хьэбалэрэ Лиуэзарэ зэрыщауэ щыгащ 1954 гъэм мазаем я 22-м, Мызым еджэн кьиухыу лэжьэн зэрыщIидзэрэ ильэс дэкIуэу. А тIум я дежькIэ угъурльыуэ кьыщIидзат гъащIэ гъэунэгъэнэ щыщIидзэрэ ильэс дэкIуэу. Абы и фIыщIэ кьыщIэхъуэ. Ар щыхуэгъэ зэхъэтымкIэ, лэжьыгъэ Iэнатlэм хьэлэлу зэрыбгъэдэтымкIэ кьэзыльхуахэм ещхьщ. «Нэмыс зэрыльъ унагъуэм кьитэджыкIар гъуащIэрэкъым», кьыхужаIэ абыхэм кьуажэдэсхэм, зыхэс лъэпкъхэм. Пэжщ, ахэр зыкъомкIэ я адэ-анэм ящхьэщыкIащ. Абыхэм нэхъ ирэ кьэдкIащ. НасыпыфIэщ гъащIэщIэм зэрыхалъхуамкIэ, щIэныгъэр, зыхуэй Iэщ Iагъэр зыIэрагъэхьэну Iэмал зэрагъэтамкIэ.

Жьыщхьэ махуэщ нобэ Хьэбалэрэ Лиуэзарэ. Абыхэм я гукъыдэжьыр кьаIэт, я гъэпэр щIагъэкI, дунейр нэхъ щIэсу зэрыщIагъуэ, IэфI Кьыщащ я кьуэрылъхуэ-пхъурылъхуэхэм, абыхэм кьатещIыкIыжахэм.

Мыз зэщхьэгъусэхэм я бынхэм я адэ-анэм зэрызыхуагъазэ псалъэхэмкIэ сыхуэныкъуэ сыхуейщ си гъапэщ.

«ПщIэ зыхуэзгуфIэ папэрэ мафэрэ! Фызэхьуэту, фызэгурыIуэу ильэс 55-рэ кьызэрызэдэфIэуар фогъэльапIэри, дыныбохьуэхьу. Ди гум фхуиль IофшIэкIэ зэрыгъэпсыгъэ. Фыгъэ зыхэфIыщIу, фи лъэр жанрэ кьыкъэпщIэпщIэкI щIэблэм дзрэжьэгъуэ кьыватеру куэдрэ фыкьыштщхьэщыгъэ ди хьэуапсапIэщи, Тхьэм кьыгухуэпищI-

Хьэбалэрэ Лиуэзарэ кьыфхужаIа хьэжьхуэрэ кьыт гъысыну ди гуапэщ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Iуэхур къыщапщытэм

● КъБР-м и прокуратурэм

**Республикэм и прокуратурэм къипщытащ бюджет законодательствэм зэрагъэзащIэр. Абы къызэщIиубыдащ къэрал власткэм и щIыпIэ самоуправленэхэм я къэлэпащIэ органхэр, Росфиннадзорым и щIыпIэ управленэр, налог Iуэхущ Iапэхэр, казначействэр, кIэлъыплъакIуэ-къэзыбж палатэр.**

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭМ къыщIигъэщащ бюджет законодательствэм ямемызэгъэ Iуэху 400. Абы щыщу 91-р гъэзэкIуэжын зэрызыуаймкIэ тхьилъхэр прокуратурэм я Iыригъэзэкlуэжьын зэрызыуаймкIэ къагъэлъагъуат, акт 18 кьутэжьын хуейуэ кьигъэуващ, судым щIалъхьат иск заявленэ щIилъхьащ. Административнэ жэуапым ирашэлIащ кьулыкъущIэ 96-рэ, уголовнэ Iуэхуу 3 кьаIэтащ.

КьищынэмыщIауэ, кьапщытэжащ 2008 гъэм ялэжьам кьрикIуэхэри. Нэгъабэ бюджет законодательствэр кьыщIэзэпаудэ Iуэхуигъэщ 630-рэ кьыщIагъэщ, абы щыщу 111-р гъэзэкIуэжьын зэрызыкIэр кьагъэлъагъуат, акт 18 кьутэжьын хуейуэ кьагъэуват, судым щIалъхьат иск заявленэ щIилъхьащ. Административнэ жэуапым ирашэлIащ кьулыкъущIэ 96-рэ, уголовнэ Iуэхуу 23-рэ кьаIэтат.

Бюджет законодательствэр зэрагъэзащIэм зэпымыууэ кIэлъыплъыныр республикэм и прокуратурэм и кьаIэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ ноби кьонэж.

**МЫРЗЭКЪАН Лиуан,**
*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапэм и лэжьакIуэ.*

# IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщ

● ЗэIущIэхэр

**Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен гъатхэпэм и 23-м иригъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэм хэтхэм я зэIущIэ.**

АБы щыЗЭПКЪРАХАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым Цыхуэхэр IэнатIэкIэ кьызэрэпащынымкIэ и кьэрал комитетым 2006 - 2008 гъэхэм зэфIигъэкIахэм теухуауэ а Iуэхущ Iапэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** жиIар.

Зэ Iущ Iэм щыщIидзэм **Къанокъуэ Арсен** зэхуэсахэм яригъэщIыкуащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Iыжьанэ зыгъэзэщIэну **Жамборэ Владимир Сультан и къуэр.**

Кьыхальхьа Iуэхум и мыхьэнэм и гугъу щищIым, Президентым кьигъэлъэгъуауэ нобэрей гугъуехьэр республикэм апхуэдэу кьызэрылъэмыIэсар, абыхэм зэрапэщIэтын Iэмалрэ хэкIыпIэрэ зэрыщIыIэр.

«Ди дежь предприятэшхуэхэр кьыщIэзэтеувIащ, щIыхуэхри кьуэ IэнатIэхэм IуагъэкIыркъым. Арами, лэжьапIэншхэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ куэд кьыгъэщытащ. Дэ ди мурадщ Инвестицэмрэ зыужьыныгъэмкIэ агентствэр кьэдгъэсэбэпу сом мелардищым нэблагъэ мы гъэм республикэм и экономикэм кьыхедгъэльхьажу, IэнатIэщIэу мини 2-3 кьызэIутхыну. КъыкIэлъыкIуэ ильэсхэми абы жьыджэру дыхуэIэкъунущ», - къыхиэгъащ Къанокъуэ Арсен.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд кьыщыпсалъэм кьызэрыхигъэщамкIэ, 2008 гъэм и кIэм ирихьэлIэу республикэм щатхаяу щытащ IэнатIэ зиIэу цыху мин 371,1-рэ, лэжьапIэншэу мин 74,3-рэ. Къыдэхэмрэ райондхэмрэ цIыхуэхэр IэнатIэкIэ кьыщыззэIыгъэпэщ Iуэхущ Iапэхэм нэгъабэ мин 77-м зыхуагъэзащ, щыIэ лэжьыгъэхэр зыхуэдэм мин 17,2-м зыщагъэгъэзащ. ЛэжьапIэншэхэр кьуажэхэм щынэхьыбэщ. IэнатIэ къэзыльхьэуэхэм я процент 80-м щигъур нэхьапэм зыщIыпIи щылэжьакъым е пIалъэ кIыхькIэ Iуэхуншэу щытащ. Республикэм и предприятэхэм токархэр, фрезеровщикхэр, слесархэр, нэгъэщIэхэри хуабжьу кьомэщIэкI, ауэ апхуэдэхэр ягъуэтырыкъым. Улахуэр зэрымащIэм, организацэхэм я нэхъыбэм социальнэ щэсыпIэхэр зэрамыIэм гугъуехьхэр кьашэ.

«Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыпIэхэм щылэжьэну хуейхэми раддоIэпкъэу. Абы папщIэ къэрал щIыпIэ кьызыззэIыгъэпэщ IэнатIэкIэ кьыщыззэIыгъэпэщ и центрхэм Iуэхугъэ пыуыкIахэр щрагъэжьIэкI. 2008 гъэм щIэрыщIэу едгъэджакъэм ящыщу мин 15-м Iэжьапlэ е фейдэ зыпылъ Iэнатlэ къаугъэтащ. Цыхуэхэр зыхуэй хьыбархэмкIэ кьызэрэпащынымрэ догугъу. Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм техуэ хьыбархэр ди центрхэм, дзэ комиссариатхэм, еджапIэхэм, щIыхь зэхуэсапIэхэм идогъэхь, нэгъуэщI Iэмалхэмкlэ хэIущIыну дощI, рекламэ-хьыбарегъащIэ тхыгъэхэр кьыдыдогъэкI, газетхэм, радиомрэ телевидеэмрэ. Абы щыгъуэ Iэнатlэ щIэнэ щIэнэ 10-м щIигъу, IэнатIэ ящэнэ мин 10-м щIигъу, IэнатIэ ящэфащIу 259-рэ зыхэта зэIущIэу 44-рэ», - къыгъэлъэгъуащ Къуэдзокъуэм.

Абы зэрыжиIамкIэ, цIыхуэхэм IэнатIэ кьахуэгъэуэтыныкIэ хэкIыпIэфIщ пщIэкIэ кьызэрагъэпэщ жьлагъуэ лэжьыгъэхэр. Iуэхущ Iапэ зэмылIэуэжьыгъуэхэм иращылIа зэгурыIуэныгъэхэм ятIэ итIа, 2008 гъэм и лэжьыгъэм хашащ цIыху мини 4,3-рэ. Едж эм къыщIидзэхуэ зэманым ныжьыщIэхэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтыныр гулъытэ хэха хуащI. Абы папщIэ щIыпIэ самуправленэмкIэ органхэм щIидзащ Iуэхугъэ-щIэнэ щIэнэ щIэнэ хэм ятещIыхьа план зэхэт ягъэхьэзэращ.

Нэгъабэ шыщхьэIу маззм къызэIуахащ лэжьапIэ къагъэуэтыныкIэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъу республикэ центр. Iуэхущ Iапэхэр зыщIэупщIэ Iэщ Iагъэхэм цIыху мини 2,9-м нэблагъэ хурагъэджащ, абыхэм я процент 81-м IэнатIэ иратащ. ЗыхуэIэкIыпIэ Iэщ Iагъэ зэлIхэмкIэ Iуэхущ Iапэхэр нэхъыфIу къызэригъэпэщынымурадкIэ, комитетым Гъэдэжьэгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, ПромышленностымкIэ, къызнэгъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министерствэхэм, «Промышленнккхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союз» щIыналъэ зэгухьэныгъэм зэгурыIуэныгъэхэр ящIыпIащ, лъэныкъуэкIи я лыкIуэхэр зыхэта зэIущIэхэр къызэригъэпэщащ.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэпкрыхауэ къыгуэныщащ финансэ кризисым и зэрарэкIэ Iэнатlэхэм кьыIуагъэкIэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм. Абы зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ зэпэгъуэм къыщыщIэдзауэ мы гъэм гъатхэпэм и 17 пщIондэ республикэм и организацэ 116-м ящIащ цIыху 970-рэ зэрыIуагъэкIым теухуа тхылъхэр. ЦIыху 565-м я лэжьэгъуэ мазэм ягъэкIэщIащ, 777-рэ отпуск ягъэкIуащ, IэнатIэ унафэщIхэм я зэранкIэ 431-рэ Iуэхунэщ. Iуэхущ Iапэ 25-м лэжьэгъуэ махуэр ягъэмащIэ. ЩIыщыIэ лъандэрэ IэнатIэншэу зезыгъэтхэхэм я бжьыгъэм проценти 6,8-м нэскIэ хэхъуащ. IэмалыгъэкIэ къызэрыгъэпэщхэм абы зэрыпэщIэтыну программиу ягъэхьэзыращ. Абыхэм ящхьэ иткIэ, цIыху мин 13-м IэнатIэ къыхуагъуэтынущ, мини 9,4-рэ пщIэкIэ къызэрагъэпэщ жьлагъуэ лэжьыгъэхэмрэ пIалъэ гуэрхэм тещIыхьэ Iуэху щхьэхуэхэмрэ хашэнущ, 2430-р предприятэхэр зыщIэупщIэ Iэщ Iагъэхэм хурагъэджэнущ, цIыху мин 369-м пособие иратынущ.

А Iуэхугъуэхэм федеральнэ бюджетым хьэхэкIыу субвенцэу сом мелуан 392,7-рэ хуэхьанущ.

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым жьлагъуэ лэжьыгъэхэм зэрызыщаужьыным и план зэхэтыр хьэзыр мэхъу. А хэкIыпIэр щIыпIэ администрацэу 107-м, муниципальнэ предприятэу 17-м къыщагъэсэбэпыну траухуащ. Псори зэхэту мы гъэм а Iуэхум сом мелуан 26,2-рэ хуаутIыпщынущ. Iэнатlэм кьыIуагъэкIэм пIалъэкIэ лэжьыгъэ къызэрыхуагъэтыну щIыкIэми егупсыщ. Абы теухуауэ ягъэхьэзыра программэм УФ-м и министерствэрэ ведомствэу 11-м арэзы щIэныгъэ икIи Урысей Федерацэм и Правительствэ и Унафэшхо къуэдзэ Жуков Александр мы гъэм гъатхэпэм и 5-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм кьыщащтащ. Апхуэдэу республикэм и Правительствэмрэ Пажьыгъэмкlэ, цIыхуэхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ федеральнэ Iуэхущ Iапэмрэ а программэм теухуа зыхуэфащэ зэгурыIуэныгъэ мыгувэу зэращыIыну.

Президентыр зыщIэупщIащэм жуэап ягъуэта нэужь, халъхьа зэгъэзэхуэжьныгъэхэр кьэлъытауэ, зэпэгъэльхьаурэм теухуа унафэ кьащтащ.

Нэужь республикэм и унафэщым министерствэхэр и щIыпIэльхэр зэрагъэзащIэр кьипщытащ, мы лъэхъэнэм кьапэщыт кьалэнхэр игъэнэIуащ.

Зэ Iущ Iэм хэтащ кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, куейм щIыпIэхэр IэнатIэкIэ кьыщызэзыгъэпэщ Iуэхущ Iапэхэм я унафэщIхэр, ирагъэблагъа кьулыкъущIэхэр.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

# Унэ с четчикхэм къагъэльагъуэхэр телефонкIэ яжефIэ мэхъу

**Гъэплыигъуэ лъэхъэнэм и пэ къихуэу, 2008 гъэм жьгъуэгъуэм и 24-м кьалэ газ Iуэхущ Iапэм сыкIуэри, счётчикымкIэ степлэ щIыхуэ псори зытеагъэзыIыжащ. Гъэзыщ Iэ кьыхэхьыкIэщIэм теухуауэ зыри кьызжаIакъым. Нэгъабэ дыгъэгъазэм и 23-м щэкIуэгъуэ, дыгъэгъазэ маззхэм я пщIэр сохьри а Iуэхущ Iапэм тызэгъаз. Ауэ счетчикым кьригъэльэгъуамкIэ хуэзэри абонент отпелым щысIахьи ямыдэу, пэшхэм я инагъым тещIыхьа уасэр кьыспаубыдащ. Мы гъэм щIышылэм и 27-м счетчикым кьридзар сIыгъыу сыщыкIуэми, кьызжаIар араш. А лъэпошхьэпэм Iуэхущ Бахьсэн кьалэмрэ Дыгулыбгъуей кьуажэмрэ щыпсэухэм я зэхуэдитIыр. Счетчикым кьигъэльагъуэр зытх кьэпщытащIуэ диIати, хуэмежу жаIэри IуагъэкIыжащ. Иджы дэ мазэ кьэс кьалэ газ Iуэхущ Iапэм дыкIуэу пэщ Iэзэрыльэзэным щIэзэтрихьэ чэзу кIыхьым дыхэтыну драхулIэ. Апхуэдэ унафэ хабзэкIэ кьаштамэ, абы щыхуэхэр щагъэгъуэзэн хуейщ. Си унагъуэм ис псори ныкъуэдыкIуэу зыльэмыкIыжхэщ, я пенсионэм я нэхьыбэр хущхьуэм токIуаIэри, пэшхэм я инагъым хуагъэза уасэр естыну кьыстохьэлIэ. Сынывольэу мы Iуэхур зэхэгъэкIынымкIэ фыкьыщIэ дэIэпыкъуну.

**Дыджэ Хь.Хь.,**
*Дыгулыбгъуей кьуажэ.*

Жэуап ирет «Къэббалькъгаз» ОАО-м и гъэзэщIакIуэ унафэщI **Молэ Арсен:**

2008 гъэм щыщхьэIум и 8-м кьаруу иГъэтащ «Щыхуэхэм хуащIэ к оммунальнэ Iэхутхьэбзэхэм папщIэ газыр зэрыхуэутIыпщ щыкIэм и Iуэхукlэ» УФ-м и Правительствэм и Унафэм. (2008 гъэм щыщхьэIум и 1-м къыдэкIа «Российская газета»-м кьытращащ). А унафэм и 31-нэ пунктым ипкъ иткIэ, счетчикым кьигъэльэгъуар яГъэува пIалъэм зэрымытам кьыхэкIыу, 2008 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм кьыщыщIэдзауэ 2009 гъэм щыщыщIэдзауэ мамкIэ, Iуэхущ Iапэхэм и лицевой счетым хуратхащ кьигъэсэбэпэ газым пэкIуэр. Абы и пэ кьихуэу кьыщабжа зэманым щегъэжьауэ мыдрей пIалъэр къэсхуу газу кьыгъэсэбэпар зыхуэдизыр кьыззэралытэнур абыкIэ щыIэ нормативэм тетущ. Урысейм и щIыпIуэхэр газкIэ кьызэрызэгъэгъэпэщ, ар кьызэрагъэсэбэп хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хатIыну. Зи гугъу тщIы уэрфэм щыубзыхуа мардэхэм газыр зэрырат щыкIэм щIэуэ кьыхьыхьахэм зэрыхагъэгъуэзэм и гугъу тщIымэ, ар щыгъэбелджылащ 1996 гъэм накъыгъэм и 23-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкIа Указым. Абы и 6-нэ пунктым ипкъ иткIэ, щIыхуэмрэ гражданинымрэ я хуитIыныгъэхэр, я кьалэнхэр кьыщалъытэ, а властым и гъэзэщIакIуэ федерал органхэм, апхуэдэу организацэхэм я правовой статусыр зыгъэув УФ-м и Правительствэм и актхэм, официальнэу кьызэрыградзэрэ махуибл дэкIа нэужь, къаралым и дэнэ щIыпIи зэуэ кьару щагъэт, абы и лъэныкъуэкIэ езыактым нэгъуэщI хабзэ хамылъкьамэ. Ахэр официальнэу кьытрадзэ «Российская газета», «Собрание законодательства РФ» газетхэм.

Абы щыгъуэми, «Щыхуэхэм хуащIэ к оммунальнэ Iэхутхьэбзэхэм папщIэ газыр зэрыхуэутIыпщ щыкIэм и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэм щыубзыхуа мардэхэм кьыщыгъэIуэкIыну кьагъэсэбэпам хуэзэр кьызэрабж щIыкIэр хэIущIыну ящIыкIуейуэ. Арами, Iуэхум зэIымыбз кьыхэмыкIын щIэхьэIэ, «Къэббалькъгаз» ОАО-м 2008 гъэм фокIадэм и 23-м кьыдэкIа «Кабардино-Балкарская правда» газетым кьытрыригъэзащ газ гъэсэбэпымрэ ар кьэзыгъэсэбэпхэмрэ я зэхуэщIыкIэм, апхуэдэу 2008 гъэм гъатхэпэм и 13-м зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэм я унафэмкIэ хальхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэздэр. Акционер обществэ зэIуэхам и кьудамэхэм я хьыбарегъащIэ стендэм абыхэм ятеуха хэзыгъэгъуаззэ тхыгъэхэр кIэрытлъхьащ. КьыщынэмыщIауэ, «Къэббалькъгаз» ОАО-м я унафэщIхэм республикэм щыIэ ди Iуэхущ Iапэхэм пщэрылъ щащIащ 549-нэ унафэм кьигъэувэхэр цIыхуэхэм ящагъэIуэну, счетчикхэм кьагъэльагъуэхэр тхыныр нэсу кьыззэрагъэпэщыну. Унафэм и кьару зэрригъэт льандэрэ абы щыубзыхуа Iуэхугъуэхэм куэд кьыщIоупщIэ. Тхьэ сыхафэрэ нэхьыбэу ехьэлIащ «Къэббалькъгаз» ОАО-м и абонент Iуэхущ Iапэхэр зэрапэжьыжьэм кьыкъэжьыу я тхыльхэр и чэзум зэрахуэзыгъэкIуэну. Ар щыгъэ, зэман кьыкьыкIэ щIэнэ щIэнэ щIэн

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №53-м итщ)*

# КЪАНДУР Мухьэдин

# Шапсыгъ хасэм

## «Кавказ» романым щыщ пычыгъуэхэр

ХАСЭР Адэум дежщ щыгъэхьыхьар. Жылагъуэхэм я лIыкIуэхэр гуп-гупурэ къоку алIэ Адэгум, йопсыхри щыхэр яутIыпщ, езыхэм жыг щIагъым зыщIагъэзагъэ. Псы Iуфэр хуэм-хуэмурэ яуфэбгъуащ лIыкIуэхэмрэ шу гъуэсхэмрэ. Тхьэмадэхэр зэхэтIысхьа щыкIэкъым, хасэм кърихьэлIэн хуей псори къэсакъым. Щалэхэм сыт хуаIуэжу абы: лъгупылэмпIэ зэфIадзауэ мафIэм бгъэдэтщ. Куэдрэ зэхэсыну хасэр - ар зыми ищIэркъым: шы къыздагъэжэнымэ, нэщанэ зэдеуэнымэ, хэтIэхэсэ зэдэджэгунуми, хущIыхьэгъуэ ягъуэтынущ щIалэхэм. Инджылыз корреспондентми жиIэн иIэщ: пхъэжьхэ зригъэзаеу, зыгуэрхэр етх, илъагъур фIэгъэщIэгъуэнщ, щэрджэс хасэ и щIыпэхыхьащи. Ари сыт хуэдэ хасэ: адыгэ пIэнкъ псомэ я лIыкIуэхэр кьриихьэлIэнущ, Къэбэрдейм нэси къикIынущ лIыкIуэ. Хасэм и хьыбар нигъэсынщ Лондон - ар и пщэ дэльщ Лонгворт.

Бжьамийм и джэ макъ зэхихащ Лонгворт. Хасэр щызэхэтIысхьэн хуей пIалъэр къэсати, Лонгворт и тхылъымпIэхэр зэщIикъуэжащ, зэсэбауэри жыгей гуэрэнымкIэ кIуащ - жыгей гуэрэнымэ и жьауэрат хасэр щызэхэтIысхьэнущ. ЩалкIуэ хуаубгъури, тхьэмадэхэр етIысэхащ. Лонгворт щэнт щхьэгуэ кьыхуагъэуващ. Ар и гуапэ хъуащ инджылыз корреспондентым: щIакIуэ хуаубгъуами, и жагъуэтэкъым, итIани, шэнтым утесмэ, кьалэмыр нэхъ пхузгъэIэрыхуэнущ. Лонгворт хасэм и хьыбар зэритхьжынмур ящIэрт щэрджэсхэм - аращ тхьэмадэхэм щыбгъугъагъэтIысхьар; тэрмэши бгъэдагъэуващ инджылыз корреспондентым.

Цыху Iув кьекIуэлащ Адэгум. Жыгей гуэрэным и жьауэм псори щIэхуэнт: тхьэмадэхэм я щIыбагъ кьыдэуващ - хэт шууэ, хэти шым къепсыхри шхуэмылакIэр иубыдыжауэ; нэхъыщIэхэм ящIщ гуэрхэри жыгыщъхэм къитIысхьащ.

Джеймс Беллрэ Лонгвортрэ зэбгъадэщ. Белл ецIыху тхьэмадэхэм я нэхъыбэр. Даниел хьэжыр шапсыгъхэм я лIыкIуэр, Чэрим-бей абэззэхэхэм я щIэкIэ хэтIысхьащ хасэм, Алсидэ-бей - бжьэдыгуэхэм я щIэкIэ. Мансур-бей нэхъыжьщ, аращ хасэр зыубгъэнур. КIыхьлIыхь зищIакъым Мансур - бей:

- Инджылыз хьэщIэ диIэщ нобэ: Екъуб-бейрэ Алсидэ-бейрэ. ТIури Даут-бей и ныбжьэгъущ, Даут-бейщ къэзыгъэкIуар. Хьыбарыфl кьытхуахьакIэ дащогуръ. Инджылызыращ дэ дызыщыгугъыр. НэгъуэщI хэтым дыщыгугъын?

Мансур-бей Белл зыхуигъэщхьащ:

- Уи ныбжьэгъум хьыгуихьа хьыбарым поплъэ хасэр, Екъуб-бей. Хьыбарым щыгъуазэ дищIамэ, ди гуапэ хъунут.

Джеймс Белл адыгэбзэм хэгъуэзакIэт, хуэмыгъэшэрыу ащэми. ХэукъуэнкIэ шынэрэ, кьыдэпIэльей Белл:

- Узахуэщ, Мансур-бей. Аращ кьыщIэкIуар Алсидэ-бей. Си ныбжьэгъум адыгэбзэ ищIэркъым. И псальэр сэрэ Исльамджэрийрэ кьывгурыдгъэIуэнщ.

Мансур-бей арэзы хъуащ абыкIэ. Джеймс Белл Лонгворт хуеплъэкIащ:

- Псальэ кьуатащ. УмыпIэщIащэ ущыпсальэкIэ, уи псальэр дэ ягурыдгъэIуэнщ. УкъэмытэджкIи, емыкIу хэлъкъым.

Шэрджэс тхьэмадэхэм я нэр кьыщIытраубыдэм, Джон Лонгворт пщIэнтIэпс кьекIуащ. Сыт яжриIэнур зи пащхьэ ит тхьэмадэхэм? Зыщымыгугъыпхъэм щыбгъэгугъ хьунукъым - ар ещIэ Лонгворт т, апхуэдэ мурадри иIэкъым. Шэрджэсхэр кьыззэрыщыгугъри ельагъу: зыгуэркIэ кьимыгъэгугъэнумэ, Инджылызым нэс кьыщIикIар сыт?

- Зиусхэнхэ! ПщIэ зыхуэсщI тхьэмадэхэ! Псальэ кьыззэрысхуэвгъэфэщам щхьэкIэ фIыщIэ фхузощI, хьыбарыфI кьыфхуэсхьын фIэкI, нэгъуэщым хуэхятекъым. Фэри зэрыфщIэщи, сэри Екъуб-бей Инджылыз хэрадым дрилыкIуэкъым, ди жэрдэмкIэщ дыкьыззэрыкIуар...

Лонгворт и псальэр зэпигъэури, Мансур-бей Iуплъащ: и гущIэлъапсэм кьиплъэ кьыфIэщIащ щэрджэс тхьэмадэр. Псори утыку ирилъхьэфынукъым Лонгворт - абы щыгъуазэкъэ Мансур-бей, итIани щхьэ кьыжьэхэплъыхьрэ тхьэмадэхэр, я нэр кьытраубыдауэ?

- Дэвид Уркар ти, фэ Даут-бейкIэ фызэзджращ жыхуэсIэр, дэри зи ужь дитыр зыщ: инджылыз къэрал унафэщIхэм фи Iуэху зэрахуэн хуейуэ я пщэ кьызэрыдэхуэр зэхедгъэщыкIмэ, ари мащIэкъым. - Абы фIигъэкI хъуну кьыщIэкIынтэкъым Лонгворт асыхьэтым.

Мансур-бей зимыгъэхъеIуэ щысщ, и Iэпхъуамбэм нэмэззщыгъэ фIэ дзауэ. И нэр кьыгрихяркъым Лонгворт, нэмэззщыгъэр игъажэми, кьызэрыфIэIуэху щыIэкъым. Тхьэмадэм, дауи, гу лъитагъэщ Лонгворт и псальэм зэрыхуэсакъым.

Тхьэмадэхэм зы псальи кьыпадзыжыркъым Лонгворт т, псальэм и кIэм щипIэнум йожьэри зэхэсщ.

Лонгворт нэхъ тегушхуащ, зыри кьыщIэпэрымыуэм:

- Фэ, дауи, зэхэфхагъэнщ «Виксен» кхъуэкъым и хьыбар. Кхъуэкъыр пщIэкIэ кьищтэри, Екъуб-бей Iэщэ, гын, бдзапIэ кьишащ. Урысхэм яубыдащ кхъуэкъыр - абыи фыщыгъуазэщ. Ямыунэщ Iыпэ щIыкIэ яубыдащ - хы Iуфэм урыс кхъуэкъэр зэрыщIзеуэр фощIэ. Абы псальэмакъ кьригъэкIын мурад иIэщ Инджылыз къэралым. Псальэмакъым кьыщIэзэтенэн си гугъэкъым: урыс кхъуэкъэм хы Iуфэр яб-гынэн хуейуэ паубыдынущ. Шэрджэсыр хуиту бэуэжанущ итIанэ, къэрал щхьэхуит хъуауэ аращи, Инджылызымрэ Шэрджэсымрэ зэувэлIэнущ, я кум зыри кьыдагъэхьэжынукъым...

Лонгворт и псальэм арэзы техьуэ хуэдэщ тхьэмадэхэр - аращ езым кьыщIыщIуэр.

Шапсыгъ тхьэмадэхэм ящIыщ зы, Шамыз-бей, кьэтэджащ. Лы гуэр кIыхьщ Шамыз-бей, и дамэм щIакIуэ едзэкIащи, бгъэжь гуэр зыкьИэтауэ фIэкI пщIэнукъым. И инагъым хуэдэкъым - и псальэр кIэщIщ, пыгъэщхьащ, зэхэпх къудейщ.

- Ди инджылыз ныбжьэгъум и псальэр дахэщ, ауэ IупщIкъым, - жиIащ абы. - Дэ мафIэм дыхэт зэпытщ, дыхэт щхьэкIэ кьыдэIэпыкъуIауэ слъагъуркъым. Псоми дыкъагъэгугъэ, кьыгтхуащIэкIэкъым армыкъу. Мансур-бей, ди хьэщIэм тхуелъэIу: нэхъ белджылыуэ кьыджиIэфынуIа? Псальэ дыгъэлкIэ зыдгъэнщIащ дэ. Пэжыр кьыздкрырелэ: дыджми IэфIми, пэжыр кьыджиIэмэ, нэхъ кьытщхьэпэнущ.

Лонгвортрэ Беллрэ пщIэнтIэпсыр кьэпоху, я щхьэр кьахуэIэтыркъым: зи псальэм темытыж къэралым урилыкIуэкъым, ди жэрдэмкIэщ дыкьыззэрыкIуар...

Лонгворт и псальэр зэпигъэури, Мансур-бей Iуплъащ: и гущIэлъапсэм кьиплъэ кьыфIэщIащ щэрджэс тхьэмадэр. Псори утыку ирилъхьэфынукъым Лонгворт - абы щыгъуазэкъэ Мансур-бей, итIани щхьэ кьыжьэхэплъыхьрэ тхьэмадэхэр, я нэр кьытраубыдауэ?

- Дэвид Уркар ти, фэ Даут-бейкIэ фызэзджращ жыхуэсIэр, дэри зи ужь дитыр зыщ: инджылыз къэрал унафэщIхэм фи Iуэху зэрахуэн хуейуэ я пщэ кьызэрыдэхуэр зэхедгъэщыкIмэ, ари мащIэкъым. - Абы фIигъэкI хъуну кьыщIэкIынтэкъым Лонгворт асыхьэтым.

Псальэмакъ гуэрхэр кьызыпхадзащ адэ-мыдэкIэ Мансур-бей яхуидакъым ар: и Iэр иIэтри игъэсабыращ. Мансур-бей и псальэр нигъэсатэкъым:

- Даут-бей дызыщымыгугъын дыщигъэгугъакъым, хуэзфIэмыкIынкIэ дыкьигугъгъакъым - ар дощIэж дэ. Дигъэгушхуащ - ар пэжщ. ЩытхэкIыжым тхыль тIихащ, адыгэ тхьэмадэхэм Iэ щIадзащ тхылым. Тхылым ди гукъеуэмрэ ди гугъапIэмрэ иттхащ. Инджылыз пащтыхьращ тхылыр зыхуэдгъэхьар, инджылыз пащтыхьым иратыжьын хуеящ тхылъыр... Иратыжарэ ирамытыжарэ тщIэркъым.

Лонгворт плъыжь хъуащ, а псальэр щызэхихым: и напэр сыт и кьэралым щхьэкIэ. Пащтыхь пщIантIэм щызэрахьэ псом щыгъуазэкъым шэрджэсхэр, парламентым я зэхэтыкIэми щыгъуазэкъым, щыгъуазэ сщIынщ жьпIэми, кьагурыбгъэIуэфынукъым - есакъым апхуэдэ хъуагъэщагъэ...

- Ди нэгу щэкIамрэ ди фэм дэкIамрэ фыщыгъуазэщ, нэхъыбэжи тлъагъунущ дянрэкIэ. Аращ инджылызхэм зыкьытщIагъэкъэнкIэ, дызэхащIыкнкIэ дащыщыгугъыр, - дэ нэгъуэщI плъапIэ диIэкъым. Ди гугъэр хэтхыжакъым.

Мансур-бей и нэр кьытриубыдащ Лонгворт - гущIэ лъапсэм кьэплъыс кьыщIыхьащ.

Жэуап бдзылыщ шэрджэсхэр зыпэплъэр - ар кьыгурыIуэрэ зэхъэ Лонгворт: урысхэм я лъэр ябубыдын мурад яIэ инджылызхэм, кьагъэгугъэрэ абыкIэ ямэ пщыкIэ кьрашэкIрэ? Шэрджэсхэм щэч ящIкIэ, емыкIу яIэкъым: кьагъэгугъэ фIэкI, кьыхуащIэ щыIэкъым. «Шэрджэс комитетхэр» кьыщIэзэрагъэпэщащ Инджылызым, ахъшэ гуэрхэр зэхадзэри зауэм и гуащIапIэм хэдджэрэза шэрджэс хэм кьыхуарагъэхь, тхылъ кьыхуарагъашэ - абы фIэкIыркъым. Шэрджэсхэр утыкум кьыззэринар яльагъуркъэ - зэжьэр хэт? Урысейм кIуэ пэтми кьажьэхекъуэз, щыр зэрелхьуэ, щыхум я щхьэр щIахьэныи нэсащ. Ар кьыфIэIуэхукъэ Инджылызым, хьэмэрэ имыльагъуфэ зытригъауэрэ? Инджылызым фIэлыкIамэ, Урысейр хьиим икIынтэкъым щIэетар зыщыщынэн щыIэкъым араш. Шэрджэсым щхьэкIэ ил уз хъункъым Инджылызым, Iуэхум кьыщыхэмыхьэнкIэ. Ил узамэ, кьадэщIынт, Iэщэкlэ закьыщIигъэжьунт - я кьагурымыIуэ ущи гугъэ шэрджэсхэм?

ХрекIуадэ шэрджэсхэр, Инджылызым и пхъэр къикIмэ, аракъэ инджылызхэр эщIэр? Къэрал щхьэхуэцэхэм яку икIуэдэнущ Шэрджэсыр - ар кьагурыIуэжрэ езыюм? Кьагурыуэжмэ, зыщымыгугъыным щхьэ щыгугъэ?..

Псальэ дыгъэл ебгъэдаIуэжкIэ аразы пхуэщIынукъым жыгей гуэрэным и жьауэм щыззэхэтIысхьа тхьэмадэхэр. Мансур-беи едаIуэн мурад иIэкъым псальэ дыгъэл - аракъым хасэр щыззэхьхьар.

- Дэ зыри пщыдбзыщIыркъым, ди Iуэху зытетыр уи нэкIэ пльэгъуащ. Уэрэ дыпщогугъ абыкIэ: пэжыр кьызджеIэ. Дащыгугъ хъуну инджылызхэм? Дащыгугъ хъунумэ, дапщэщ гу кьыщIитлъатэнкъым, я кьыщIитщIэуэзынур дапщэщ? Гъавэ тщIэ хъуркъым, ди Iужу дыпэрыхьэжьыфыркъым, ди щхьэр щIыдагъэхьащ. МафIэ кьытщIадзащи, ди уни ди льапси хесхьэ, ди сабийм я нэпсыр гъущIыркъым. КIэ иIэнукъэ мыбы зэи? Дапщэщ «уэхуэ» щIыжьтIэжьыпур? Ар щIэмэ, кьыджеIэ. АбыкIэ кьыпщогугъ хасэр.

Лонгворт хасэм яхэпльэри, я нэр кьытраубыдауэ, къоплъ псори. Щым хъуащ цIыхур, инджылызыз хьэщIэм и псальэм пплъэ тхьэмадэхэр. Зи щхьэ кьыфIэхуауэ хэпльэри мащIэкъым: я фIэщ хъуэ кьыщIэжьынтэкъым инджылызым и псальэр.

- Алыхьым дыкъелъагъу. Алыхьым и пащхьэ дихьэжьнущ псори, - жиIащ Мансур-бей. Дигу уеуэнкIэ умышынэ: пэжыр кьыджеIэ. Пэжым нэ ирещI жаIэ адыгэхэм. Пэжыр кьыджеIэ щхьэкIэ, дигу нобгъэнукъым. Абы нэхъ дыдэ щымыIами, пэжыр кьыджеIэ Iэ а зыращ дыззэрыпщыгугъыр.

Джон Лонгворт зэи тегушхуащ: «Захуэщ шэрджэсхэр, пэжыр яжесIэмэ, нэхъыфIщ. Пэжыр яжесIэмэ, яжесIэнуращ: Инджылызым кьыфхуащIэн щыIэкъым, фащымыгугъ, фи щхьэр къэвмыгъэпцIэж, фи щхьэм фIэкI фызыщыгугъэ фиIэкъым...» Ар игу кьихьэри, пэжыр утыку кьрилъхьэн мурад ищIауэ, кьызэфIэуващ Лонгворт. Абы гу льитагъэнщ Джеймс Белл: Лонгворт и пэзыкъригъэщри, кьэтэджащ, и ныбжьэгъум Iэ хуищIри. Белли гумащIэ кьызэрыхъуам гу льатащ тхьэмадэхэм.

- Фи деж сыкъэзыгъэкIуар Даут-бейщ, - жиIащ Белл. - Сыкъыщыкlуэм, зызумысыжынщи, нэгъуэщI мурадщ сиIар. Фэри зэрыфщIэщи, сэ сысатуущIэщ, сату вдэсщIын фIэкI, нэгъуэщI Iуэху сыпылъакъым - пцIыр сыткIэ щхьэпэ? - Белл, и псальэр зэпигъэури, жьыр и бгъэм щыз ищIащ, Талъуэтэни хуеплъэкIащ: «Зы псальэ думыгъэжу, жьсIэр ягурыгъаIуэ». Сыкьыфхьыхри сльэгъуащ мафIэм фызэрыхэтыр, хьэзаб тIуащIэ зэрыфтелъыр. Си нэгу щIэкIащ фи бийм кьывищIэр. Сльагъури, си фIэщ хъуащ фэ фызэрызахуэр, лей кьызэрыфлъысыр. Фи щхьэмрэ фи хэкумрэ я хуитыныгъэщ фэ фызыщIэзэур - ар хьэкъ сщыхуащ сэ. Ар гурэ псэкIэ зыхыдощIэ дэ, инджылызхэм.

Лонгворт игукIэ акъылэгъу дохъу и лъэпкъэгъуэм, и щхьэр ещI Белл и псальэм зэдедаIуэм. Жьыжьэ Iуэ хэмыхьауэ - пIэрэ ящIэ Белл и псальэм зэдедаIуэм. Лонгворт: урысхэм я лъэр ябубыдын мурад яIэ инджылызхэм, кьагъэгугъэрэ абыкIэ ямэ пщыкIэ кьрашэкIрэ? Шэрджэсхэм щэч ящIкIэ, емыкIу яIэкъым: кьагъэгугъэ фIэкI, кьыхуащIэ щыIэкъым. «Шэрджэс комитетхэр» кьыщIэзэрагъэпэщащ Инджылызым, ахъшэ гуэрхэр зэхадзэри зауэм и гуащIапIэм хэдджэрэза шэрджэс хэм кьыхуарагъэхь, тхылъ кьыхуарагъашэ - абы фIэкIыркъым. Шэрджэсхэр утыкум кьыззэринар яльагъуркъэ - зэжьэр хэт? Урысейм кIуэ пэтми кьажьэхекъуэз, щыр зэрелхьуэ, щыхум я щхьэр щIахьэныи нэсащ. Ар кьыфIэIуэхукъэ Инджылызым, хьэмэрэ имыльагъуфэ зытригъауэрэ? Инджылызым фIэлыкIамэ, Урысейр хьиим икIынтэкъым щIэетар зыщыщынэн щыIэкъым араш. Шэрджэсым щхьэкIэ ил уз хъункъым Инджылызым, Iуэхум кьыщыхэмыхьэнкIэ. Ил узамэ, кьадэщIынт, Iэщэкlэ закьыщIигъэжьунт - я кьагурымыIуэ ущи гугъэ шэрджэсхэм?

ХрекIуадэ шэрджэсхэр, Инджылызым и пхъэр къикIмэ, аракъэ инджылызхэр эщIэр? Къэрал щхьэхуэцэхэм яку икIуэдэнущ Шэрджэсыр - ар кьагурыIуэжрэ езыюм? Кьагурыуэжмэ, зыщымыгугъыным щхьэ щыгугъэ?..

Псальэ дыгъэл ебгъэдаIуэжкIэ аразы пхуэщIынукъым жыгей гуэрэным и жьауэм щыззэхэтIысхьа тхьэмадэхэр. Мансур-беи едаIуэн мурад иIэкъым псальэ дыгъэл - аракъым хасэр щыззэхьхьар.

- Дэ зыри пщыдбзыщIыркъым, ди Iуэху зытетыр уи нэкIэ пльэгъуащ. Уэрэ дыпщогугъ абыкIэ: пэжыр кьыджеIэ. Дащыгугъ хъуну инджылызхэм? Дащыгугъ хъунумэ, дапщэщ гу кьыщIитлъатэнкъым, я кьыщIитщIэуэзынур дапщэщ? Гъавэ тщIэ хъуркъым, ди Iужу дыпэрыхьэжьыфыркъым, ди щхьэр щIыдагъэхьащ. МафIэ кьытщIадзащи, ди уни ди льапси хесхьэ, ди сабийм я нэпсыр гъущIыркъым. КIэ иIэнукъэ мыбы зэи? Дапщэщ «уэхуэ» щIыжьтIэжьыпур? Ар щIэмэ, кьыджеIэ. АбыкIэ кьыпщогугъ хасэр.

Лонгворт хасэм яхэпльащ:

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# Дызыуэкlуэ мазэм

● Махуэгъэпс

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМи 1-м

●Илъэс 200 ирокlу урыс тхакlуэщхlу **Гоголь Николай** кlыхьэральхурэ. 1852 гъэм дунейм ехыжащ.

●Адыгэ Республикэмрэ КъБР-мрэ щыхьэ зиlэ я артистхэ, Щоджэнщыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и дзэгуакlуэ **Кlуэкlуэ Елизаветэ** къыщалъхуа махуэщ.

**●Ауанымрэ дыхьэшхыныжмрэ я махуэщ**

**●Кlуалъэбзуэм я дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 2-м

●1911 гъэм Цlагъуэ Нурий Истамбыл къыщыдигъэкlа «Гъаззэ» газетым и япэ номерыр.



●1948 гъэм **Кlэрашэ Тембот** къратащ Сталин (СССР-м и къэрал) саугъэтыр.

●Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щыхьэ зиlэ и лэжьакlуэ, журналист щэрыуэ **Афlэунэ Раисэ** къыщалъхуа махуэщ.

**●Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ**

**● Лъэпкъэм я зэкъуэтынныгъэм и махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 3-м

●Илъэси 105-рэ и пэкlэ (1904) къызэрагъэпэщащэу щытащ Кавказ бригадэм хьэуэ Къэбэрдей шууиущэр (сотняр).

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 4-м

●1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакlуэхэм я оргбюрор къызэрагъэпэщащ. Абдежым къыщежьауэ къэплъытэ хъунущ республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэр (союзыр).

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 5-м

●1943 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ кlыщтащ Бахъсэн ТЭС-р зэфlэгъэувэжыным теухуауэ.

●1943 гъэм зэфlагъэувэжащ икlи лажьэу яутlыпщыкlа Налшык дагъэ завод №1-р.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 6-м

●1896 гъэм Афинхэм Япэ Олимп Джэгуакlэ къыщызэlуахауэ щытащ.



●1937 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэмкlэ Къалмыкъ Республикэми я щыхьэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор **Темыркан Борис**

●1943 гъэм къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цlыхубзэ усакlуэ **АбытIэ Хьэзэрет.**

●Физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьуэкlуэн Мулиэт** къыщалъхуа махуэщ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 7-м

●1940 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щыхьэ зиlэ и лэжьакlуэ, Адыгэ Республикэм. Къэрэшей-Шэрджэсым щыхьэ зиlэ я журналист, тхакlуэ, КъБР-м и журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мэзыхьэ Борис**

●1948 гъэм къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цlыхубзэ усакlуэ **Бемырзэ Мухьэдин**. 2007 гъэм дунейм ехыжащ.

●1948 гъэм къызэрагъэпэщащ узынишагъэ хьуэмэныкlэ дунейпсо организацэр.

**●Узынишагъэр хъ уэмным и дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 10-м



●1945 гъэм **Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и Лlыхъужь хъущ.

●1964 гъэм ягъэуващ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ зиlэ и дзэжьакlуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ зиlэ и ухуакlуэ» цlэ льапlэхэр.

●Урысей Федерацэм щыхьэ зиlэ и артистхэ, уэрэджыкlакlуэ цlэрыуэ **Дау Марьян** къыщалъхуа махуэщ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 11-м

●1863 гъэм яп адыгэ тхакlуэ, уэзэщlакlуэ, генерал-майор **Къаз-Джэрий Сультlан** дунейм ехыжащ.

●Уэрэ джыдакlуэ **Аслъэн Iэзат** къыщалъхуа махуэщ.

**●Фашист гъэрыlэм исахэр хуит зэращыжкъэм и махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 12-м

●1961 гъэм **Гагарин Юрий** «Восток» кlэуэ кlыкlэ дунейм щыяпэу хьэрщым льэтащ.

●И ныбжьыр илъэс 80 ирокlу Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкlэ щыхьэ зиlэ и лэжьакlуэ, журналист **Кlымахьэу Жылэбий.**

**●Космонавтикэм и махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 13-м

●1517 гъэм Каир щхьэпылъэ щащlащ адыгэ мамлюкхэм я дзэпщ, Мысырымрэ Сириемрэ я сультlан **ал-Ашраф Туманбей.**

●1895 гъэм Къэрал урыс музейр къыхьэуахащ.



●1905 гъэм къалъхуащ адыгэ уэзщlакlуэ телъыдэжь, еджагъэшхуэ **Гукlэмыхьу Iэбубэчыр** 1993 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 15-м

●1395 гъэм Тамерлан пщышхуэмрэ Тохьутэмыш хъаныр я дзэхэр Тэрч и деж щызэзэуащ.

●1912 гъэм «Титаник» кхъухь абрагъуэр Атлантикэ хым щlилъэфащ.

●И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокlу биологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щlэныгъэхэмкlэ щыхьэ зиlэ и лэжьакlуэ **Сльон Лудин**.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 16-м

●1905 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысейм и яп профсоюзыр - печатным и лэжьакlуэхэм я профсоюзыр.

●1920 гъэм къызэрагъэпэщащ щыхьэ милицэм и Налшык Iуэхущlапlэр.

●1934 гъэм ягъэуващ Совет Союзым и Лlыхъужь щlэ льапlэр.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 17-м



●Илъэси 115-рэ ирокlу парт, къэрал лэжьакlуэ, 1953-1964 гъэхэм СССР-м и унафэщlу щыта **Хрущев Никитэ къэзэралъхуэр**. 1971 гъэм дунейм ехыжащ.

●Урысей Федерацэм щыхьэ зиlэ и артистхэ, уэрэджыкlуэ **Кlуащ Верэ** къыщалъхуа махуэщ. 2001 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 18-м

●1970 гъэм ягъэуващ Балъ Мухьэдинрэ Кьардэн Хьэсэнрэ я «Мадинэ» яп адыгэ операр.

**●Фэеплъэкlэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиlэ щыпlэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 19-м

●1563 гъэм япэу урыс типографие къыхьэуахащ.

●1783 гъэм Крым хьтlыгу ныкъуэр Урысеим гухьащ.

●И ныбжьыр илъэс 80 ирокlу литературовед, филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэмкlи Адыгэ Республикэми щlэныгъэхэмкlэ щыхьэ зиlэ я лэжьакlуэ, ЩIДАА-м и академик **Щlэхьалхьуэ Iэбубэчыр**.

●1937 гъэм къалъхуащ тхакlуэ, драматург, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэмкlэ щыхьэ зиlэ и лэжьакlуэ **Журт Биберд**. 2003 гъэм дунейм ехыжащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 20-м

●1656 гъэм Урысейм гъуапlэ ахьшэ къыщежьащ.

●1932 гъэм къалъхуащ режиссер, Урысей Федерацэмкlи Къэбэрдей-Балъкъэрми гъуэзджэмкlэ щыхьэ зиlэ я лэжьакlуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Теувэ ж Сультlан** .

● 1937 гъэм Прохладнэ станицэр къалэ хьуащ.

● 1940 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми гъуэзджэмкlэ щыхьэ зиlэ я лэжьакlуэ **Джырандокъуэ Михаил**.

● И ныбжьыр илъэс 60 ирокlу усакlуэ, прозаик, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Ацкъан Руслан** .

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 21-м

●Илъэс 2760-рэ и пэкlэ (ди эрэм и пэкlэ 759) Ромул пащтыхьым нобэ Италием и кьалащхьэ Рим ихуащ.

●1920 гъэм Налшык щыхьэ хозяйствэм и щlыпlэ (окружной) совет къызэрагъэпэщащ.

●Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щыхьэ зиlэ я артистхэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Жьакlэмыхьу Кlунэ** къыщалъхуа махуэщ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 22-м



● 1886 гъэм къадъхуащ КъБАССР-м щlэныгъэхэмкlэ щыхьэ зиlэ и лэжьакlуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ зиlэ и егъэжьакlуэ **Елбэдэ Хьэсэн**. 1968 гъэм дунейм ехыжащ.

● 1870 гъэм къалъхуащ Октябрь революцэм, Совет Союзым я яп унафэщlу Ленин (Ульянов) Владимир. 1924 гъэм дунейм ехыжащ.

**●Щlым и экологие дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 23-м

●1943 гъэм СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубзэ хозяйствэр зэфlэгъэувэжным теухуа унафэ кlыщтащ, ахъшэ сом мелуани 110-м щlигъуи кlыхьуиутlыпщащ.

●Илъэс 645-рэ ирокlу (1564) инджылыз драматург щlэрыIуэ **Шекспир Уильям** къыхьэральхурэ. 1616 гъэм дунейм ехыжащ.

●1912 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубзэ тхакlуэ **Теунэ Хьэчим**. 1983 гъэм дунейм ехыжащ.

**●Тхылъымрэ авторым и хунтныигъэмрэ я дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 24-м

●Кlэбэрдей-Балъкъэрми Ингушэ Республикэми щыхьэ зиlэ я артистхэ **Даур Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

**●Щlалэгъуалэм я зэкъуэтныгъэм и дунейпсо махуэщ**

**●Кlуэш зэрыщlа кьалэхэм я дунейпсо махуэщ**

**●Астрономием и дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 25-м

● 1920 гъэм Налшык яп медицинэ Iуэхущlапlэ къыщызэlуахащ.

● И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокlу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ зиlэ и артист, пшынауэ **Кlуэдз Iэбубэчыр**.



● И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокlу биологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор Дзэ Руслан Iуэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

● Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубзэ артистхэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыхьэ зиlэ и артистхэ **Щэрмэт Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 27-м

●1974 гъэм Байкал-Амур гъэшlэгъуэгур (БАМ-р) ухуэн щlадзащ.

●1952 гъэм кьалэ хуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щыхьэ зиlэ я артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхьуэ Басир.**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 29-м

●1770 гъэм Австралиер къахутащ.

● 1942 гъэм кхъухьлъатэзэхуэ Кьардэн Кьубатий Ленин и орден етIуанэр къратащ.

● 1964 гъэм Щоджэнщыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ адыгэ балетыр.

**●Къафэм и дунейпсо махуэщ**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 30-м

● 1789 гъэм США-м и япэ президентыр хахащ. Ар Вашингтон Джорджщ.

●1945 гъэм Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ Iекlыэныгъэм и Бэрлинрэ плыжьыр Берлин и рейхстагым фlадзащ.

● И ныбжьыр илъэс 60 ирокlу биологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щlэныгъэхэмкlэ щыхьэ зиlэ и лэжьакlуэ **Дзу Руслан**

● Филологие щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэнщыкlу Нинэ Iэдэм и пхъур** къыщалъхуа махуэщ.

МЫ ГЪЭМ:

● Илъэс 235-рэ и пэкlэ (1774) Чичагов Степан Къэбэрдеишхэмрэ Джалахьстэнеймрэ я картэ зэхилъхьащ.

● Илъэс 230-рэ и пэкlэ (1779) генерал Якоби Къэбэрдейм лыгъажьэ зекlуэ щригъэжьэжащ, цlыху куэдри щызэтриукlащ.

● Илъэси 165-рэ и пэкlэ (1844) «Русский вестник» журналым тридзащ Хьан-Джэрий Сультlан и «Къамбулэтпщ» повестыр.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

● Псапэ

## ЦыкIуэр ягъэгуфIэ

**ХьэтIохъэцыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) дэт егIуанэ курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм я къуэдзм щылажьэ школ-интернатым концерт дахэ щагъэлъэтъущ.**

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий и «Си махуитI гъащIэ» усакlуэм я концертыр къызэIуихащ 10-нэ классым и еджакlуэ Сыжажэ Марьят. Абы иужькlэ Четвериковэ Галинэ зи пшынауэ хорым уэрэд жиIащ. Интернатым щеджэхэр дихьэхащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я къафэхэм. Ахэр ягъэзащlащ Щомахуэ Лаурэ, Къумыкъу Ахьмэд, ХьэцIыкlу Анжелэ сымэ. Сабийхэр уэрэдхэм дежьуащ, кlыджсIыуэрэ къафащ.

Концертыр ягъэхьэзыращ Куп Риммэрэ Жэмыхъуэ Верэрэ. Интернатым и унафэщlу Къалмыкъ Аллэ псалъэ гуапэкlэ хьэщIэхэм захуигъэзащ икIи фIыщIэ яхуищlащ.

А махуэм зеикъуэдэсхэм интернатым и еджакlуи 160-м зыщыгуфIыкIын тыгъэхэр иратащ.

**ХЬЭФIЫЩIЭ Марьянэ.**
*Бахъсэн районым.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м и къет

## Апхуэдэ зэзэмызэххэщ къыщыхьур

ЩЭДЖЭМ районым щыIэ ОВД-м и лэжьакlуэхэм яубыдащ хьэрычэтыщlэ зэрыхьыныхэр (1964, 1987 гъэхэм къалъхуащ, Щэджэм къалэм щыщхэщ). Абыхэм илъэс 38-рэ зи ныбжь щыхьухьр залымыгъэкlэ фермэ бгыщжэм жэщщ-махуищкlэ щаIыкlащ.

Арэубэржьащ, и лъакъуэ ижьри кlэрахъуэкlэ узгъэ ящащ, нужькlым щатlэнуи хэтащ.

Бзаджащlэхэр щаубыдым, зыр милицэм и лъэжьакlуэхэм кьапэуащ. Абы кlыкlуачащ «Лидер» травматическэ кlэрахъуэр.

Апхуэдэ щlэпхъаджагъэхэр республикэм къыщыщыхьур зэзэмызэхэщ.

## Иджыри зы гъэтIылъыгъэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и «Э» центрымрэ УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакlуэхэмрэ Іэщхькlэ зещlуэзда бзаджащlэ гупым щыщхэр убыдыным, дин экстремист хъэгъэщагъэхэр къызэпыудыным теуха лэ жьыгъэ прагъэкlуэжьащ, гъатхэпэм и 17-м боевикхэм я егъэзэпlэ иджыблагъэ якlутам метр 30-кlэ пэжьжьэу къыщыгъэтащ АК автомат, абы и пlэтIронхэр зэрыльэщащэу 4, РГД гранатэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъуэмэхэм къалъхьхьэ Іэщхкlэ зэщlэзэзда бзаджащlэ гупым хэтхэмрэ абыхэм ядэлъпыкъуэмрэ.

## Хъыбар гуэр фщlэмэ

НАЛШЫК къалэ округым и УВД-м и криминальнэ милицэм къетыхьуэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм кlыщыгъэлъэгъуэ щlэпхъаджагъэр (гъэпцlагъэ) илъэкlуэ зыхуэгъэпсыгъэр, Іъынжлъэпlащ Игорь Владимир и къуэр, Красноярск краим хыхьэ Ермаковскэ районым щыIэ Новополтавкэ кlуаджэм 1966 гъэм кlыщалъхуар.

Лъэнкlэпlащэ Игорь Владимир и кlуэм и хэщlапlэм щыгъуазэ щыIэмэ, дыныкlыгъэ фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкlэ: 49-50-62, 02 е милицэм и Іуэхущlапlэ нэхъ фпэгъунэгъуэм.

***КъБР-м и Хабзэхъуэмэ хъыбарегъащlэ Іэнатlэм я Іуэхущlапlэ.***

# Хабзэм ебакъуэхэр

● Абы дегъэплейтей

**Налшык къалэ администрацэм щыIэхэтащ балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкlэ комиссэщIэм и зэIущIэ. Иджы абы хагъэхьащ ветеранхэм я къалэ Советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустафэ, къалэм щIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщlэ Бачиевэ Анжелэ, спортымкlэ къалэ комитетым и Іэтащхьэ Бузд Бесльан, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкlэ департаментхэм я лЫыкlуэхэр.**

ЗэIущIэм щыхэплъащ балигъ мыхъуахэм ятеухуауэ къаIэрыухэ тхыльхэхэм Алихуэдэу щытепсэлъыхьащ унагъуэ зэкlэлъыкlуэхэм, хабзэм ебэкъуа, тезыр зытралъхьа сабийхэр гъуэгу захуэм тешэжьыным ехьэлIауэ къапэщытхэм. Зэпкъраха тхылъ 25-м ящыщщ ялэжьа щIэпхъаджагъэм щхьэкlэ зи судхэр условнэу ящIа ныбжьыщIипlЫым я Іуэхури. Иужьрей илъэсхэм ныбжьыщIэхэм нэхъыбэу зраташ жып телефонхэр къэдыгъуным, цlыху зехуэсыпlЭхэм щофэ, жылагъуэ хабзэр ящыщIэпауд.

Зи къалэнхэм емылIалIэ, зи бынхэр кlэрыутIыпщу къэзыгъанэ адэ-анэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуркъым.

«Дэптхэнэ зы сабийм дежkIи адэ-анэр щапхъэщ, сыт и лъэныкъуэкlи я щIэтъэкъуэнщ.

ЗэрынаIуэщи, ныбжьыщIэхэр гъуэгу захуэм тепшэжьи, гъащIэ узынщэм хэпшэжьи нэхърэ щIэпхъаджагъэм щыпхъумэну нэхъ тынщщ. Абы кlыхьэшIу, ар гъэсэныгъэм и лъабжьэу щытыр хуейщ», - кlыигъэлъэгъуащ къалэм балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщlэ Чабдаровэ Эльвирэ.

«Сабийр щыуэмэ, ар нэхъыбэу зи лажьэр нэхъыжьхьэрщ. Илъэс 15 - 16 фIэкIа мыхъухэм, сэхъуауэ, кlуэдауэ жытIэу ди щыбжьхуэдгъэзэнщр тэмэмкlым. Сабийхэр щIэпхъаджагъэм щыхъумэным нобэ хэкъузауэ яужь димыхьэмэ, щыгъуэ кlасэ хъунущ. Жылагъуэ гъэсакIуэхэр, ветеранхэм я Советыр, щIалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ къудамэр, спортымкlэ комитетыр мы лэжьыгъэм къызэрыхэтшам фIы кърикIуэщу къызолытэ», - кlыхигъэщащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ, комиссэм и унафэщI Портэ Галинэ.

Ветеранхэм я къалэ Советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустафэ зэрыжиIаМкlэ, спортыр, щэнхабзэр, гъуэзджэр фадэмрэ афиныным рэ япэуэ щыгъуэ лъэщщ. Абы зэхуэсахэр къыхуриджащ а Іуэхум нэхъыбэу трагъэщIэну.

**КУБАДИЕВЭ Нуржан.**

● Гъэтъэгъуэныгъэхэр

**Прохладнэ къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Пархоменкэ Юлие, Къардэнгъуэщ Зырамыку и щlэныгъэ фондым и унафэщI Мыц Алъэнбэч, сурэт техныр фIыуэ зыльагъуэхэм я «Exclusive line» клубым и унафэщI Лукьяненкэ Иван сымэ.**

# Насыпыр сурэттехым къызэрищыр

**2008 гъэм и щэкlуэгъуэ мазэм Налшык щаублащ Іуэху дахэ - «Насыпыр сурэттехым къызэрищыр» зыфlаIащ, сурэт техныр фIыуэ зыльагъуэхэм я яп республикэ зэхъэзэуэ, «Деловая Россия» Урысейпсо жылагъуэ Іуэхущlапlэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм къызэригъэнэща гъэльэгъуэныгъэр, ди щIыналъэм и сурэттеххэм я Іэдакъэщlэкlэр щыхъуэхъэсар. Гъуэзджэмкlэ Кавказ Инхъэр къэрал институтым къыщыдIуахащ.**

АР КъЫЗЭЗЫГЪЭПЭЩАХЭМзыхуаГъуэзыжа кlалэнхэм ящыщыр республикэм и ныбжьыщIэхэр я хэкур фIыуэ яльагъуу кlэгъэтэджынрэ, ахэр зэкlуэгъэзэныр, ди щIыналъэм и дахэмрэ и фIымрэ къэгъэльэгъуныр.

Зэхъэзэхуэм щыху 30-м я Іэдакъэщlэкlэхэр щагъэлъагъуэ. Jрыжьыгъэ нэхъыфIэхэр зейхэм щIыхь тхылъхэр, адрейхэм эпеуэм зэрыхъэтамкlэ дипломхэр иратынущ. Сурэт гъэщIэгъуэнхэр тезыхахэр «Exclusive line» клубым хагъэхьнущ. Зэхъэзэхуэм кlыркIуэхэр мыгувэу haIуэ къэхъунущ.

**ИСТЕПАН Залинэ.**

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Іуэху епlъыкlэ

**Ди гъащIэм бзэм щиIэ мыхьэнэр хэт дежkIи гурыIуэгъэщэу, хьуэмэн, зегъэужьын зэрыхуейми куэд икIи куэдрэ топсэлъыхь. «Зегъэужьын хуейщ» жыIэкlэ, дауи, Іуэхуу и пlэ икIынукъым, Іэмал гуэрхэр хэлъхьэн, лэжьыгъэ пыухакIахэр ещlыпlэн хуейщ. Дызэрыт зэманым кlигъэув къалэнхэмрэ нобэрей щIалэгъуалэр зыхуэIэзэныр зэхъэпсымрэ сэ хьэзолъагъуэ адыгэбзэр щыхуэ яIурыпъыным, и мыхьэнэр къэIэтыным телъжьыну Іэмалыфl.**

СЭ СИ IЭЩIАГЪЭР сабийхэр инджылызбзэм хуегъэджэнырыр, дызэрыщlыгъуаззщи, дэнэ къэрал щыпсэурэ ириэпсэлъэфу нэхъ щыщlэхэм я къызыбгъуэ бзэрэ щытыр ар, дунейпсо бзэуэ къалъытэхэм щыщlэ. Инджылызыбзэр зыщlэ щIалэгъуалэм я гъэугур нэхъ чуит мэхъу лэжьапlэфI зыIэрагъэхьэным, псэукlэ екlуэ яухуэным теухуауэ. Аращ адэ-анэхэм зещlапlэм щрагъащlыгъуаззщи мыарэзыуэ, нэхъ лейуэ я быным кьыдэлэжьэн къыщlалъхьэнкlэ, трагъэкlуадэ мылъкуми щIыщымысхьыр. Апхуэдэ щытыкlэр, къэмысэбэныну пIэрэ-тIэ адыгэбзэр (дэтхэнэ анэдэлъхубзэри) гъэлэжьэнымкlэ?

Къэбэрдейм и кlуэжьэхэм къалэхэми хамэбзэхэр зэрыщаджыр урысыбзэр и тегъэщlапlэмэщ. Къалэхэм ар апхуэдэу щыгугъуэкlым нэхъыбэу зэрыпсалъэри зэрыгупсысэри урысыбзэращи? Иджырэ фIыуэ ямыщlэ урысыбзэмкlэ зыри зыхьэмыщlыкlыхэхэ инджылызыбзэр ящыжьэ ящlыр ар? Ар ящlыр мыгъэмэу къалъытэ егъэджэныгъэ Іуэхур зыубзыхуэхэм.

Мыбдежьым кlыхэзгъэщlыну сыхуейщ пэщlэдзэ классхэм щадж предметхэр адыгэбзэм тешэнымкlэ лэжьыгъэ зэрекlуэкlэр. Сыт апхуэдэ Іуэху епlъыкlэр щыткlэуэри мылъку зэпэубыдар кьагъуэтурэ тхылъхэр зыгъэхьэзырын щIэныгъэлI кlыщIрашалIэри? Сабийм кlыудалъхуа бзэр, гурэ-псэкlэ зыхиущlар, зэрыгупсысэр, тынщ игъэщlэрыуэр, дауи, укъэзымыгъэпцlэжьын лъабжьэщ, и щыIум щIэ гуэр тепщlыхьынумэ. Ар кlыызыгурыIуэр нэхъыбэщ, пщlэздзэ классхэми апхуэдэ гулъытэ щIагъуэтари аращ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкlэр инджылызыбзэр джыным кlыщыщlэзэбэпынкlэу сэ къызолытэ. Сабийм и гупсысэкlэ зэфlэмыуварэ адыгэбзэм блэсыу урысыбзэм хэсшэу, итIанэ хамэкъэралыбзэм ещхьэлIэку гъуэгур кlыхь, гугъуэсигъу сщlы нэхърэ, и анэбзэр и Іэпэгъуэ зыщlэхъуэпс нэгъуэщlыбзэм хуиту хэзэтlпlащхьэм мынэхъыбэрэ пIэрэ?

Урысыбзэр сабийхэм егъэджным хуэфащэн гулъытэ егъуэт. Бзэм езым хуэхаха сыпшынауэ хорым уэрэд жиIащ. Интернатым щеджэхэр дихьэхащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я къафэхэм. Ахэр ягъэзащlащ Щомахуэ Лаурэ, Къумыкъу Ахьмэд, ХьэцIыкlу Анжелэ сымэ. Сабийхэр уэрэдхэм дежьуащ, кlыджсIыуэрэ къафащ.

Концертыр ягъэхьэзыращ Куп Риммэрэ Жэмыхъуэ Верэрэ. Интернатым и унафэщI Къалмыкъ Аллэ псалъэ гуапэкlэ хьэщIэхэм захуигъэзащ икIи фIыщIэ яхуищlащ.

А махуэм зеикъуэдэсхэм интернатым и еджакlуи 160-м зыщыгуфIыкIын тыгъэхэр иратащ.

**ХЬЭФIЫЩIЭ Марьянэ.**
*Бахъсэн районым.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м и «Э» центрымрэ УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакlуэхэмрэ Іэщхькlэ зещlуэзда бзаджащlэ гупым щыщхэр убыдыным, дин экстремист хъэгъэщагъэхэр къызэпыудыным теуха лэ жьыгъэ прагъэкlуэжьащ, гъатхэпэм и 17-м боевикхэм я егъэзэпlэ иджыблагъэ якlутам метр 30-кlэ пэжьжьэу къыщыгъэтащ АК автомат, абы и пlэтIронхэр зэрыльэщащэу 4, РГД гранатэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъуэмэхэм къалъхьхьэ Іэщхкlэ зэщlэзэзда бзаджащlэ гупым хэтхэмрэ абыхэм ядэлъпыкъуэмрэ.

## Хъыбар гуэр фщlэмэ

НАЛШЫК къалэ округым и УВД-м и криминальнэ милицэм къетыхьуэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм кlыщыгъэлъэгъуэ щIэпхъаджагъэр (гъэпцlагъэ) илъэкlуэ зыхуэгъэпсыгъэр, Іъынжлъэпlащ Игорь Владимир и къуэр, Красноярск краим хыхьэ Ермаковскэ районым щыIэ Новополтавкэ кlуаджэм 1966 гъэм кlыщалъхуар.

Лъэнкlэпlащэ Игорь Владимир и кlуэм и хэщlапlэм щыгъуазэ щыIэмэ, дыныкlыгъэ фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкlэ: 49-50-62, 02 е милицэм и Іуэхущlапlэ нэхъ фпэгъунэгъуэм.

***КъБР-м и Хабзэхъуэмэ хъыбарегъащlэ Іэнатlэм я Іуэхущlапlэ.***

**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ и КОЛЛегИЕМ ХЭТХЭР

**ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кlуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кlуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъуэlо Зариф, Жыласэ Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкьарэ Алик.**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР**

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цlэкlэ щыIэ уэрам, 5, егъуанэ - епщlанэ катхэр.**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; кlуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм я ядэлжьэныкlэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеим - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм кlыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епlъыкlэр зэтехуэ зэныту щыткlым.**

**Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъунырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.**
**Тел.: 42-06-51, 42-19-59.**

**Газетыр щыпымкlэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.**

**Газетыр 1989 гъэм дыригъэзащlэ и 16-м №Н-0065-м щIэхъуэзыращ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокlI.**

**КъБР-м ЩIихьэзмэрэ хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цlэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цlэкlэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.**

***Мы кьыдэкlыдзэуэм елэжьахэщ:*** жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Банэ ФатIимэ, корректорхэу Щоджэн